Кулиев Къайсын ягу къагъэкІыж

2-нэ нап.

«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Сэ дунейм сызэрепсэлъэфыр си ІэщІагъэмкІэщ...

4-нэ нап.

ИлъэсыщІэпежьэ пшыхь

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№154 (24.436) • 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъэгъазэм и 27-м эфирым къыщыпсэлъэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъэгъазэм и 27-м занщІэу эфирым кІуэуэ къэпсэлъэнущ. Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм щ1ыхухэр зыщІэупщІэжьэм я жэуапхэр иритынущ.

Псалъэмакъым щІидзэнущ Москва зэманымкІэ сыхьэт 17.00-м. Эфирым занщІэу кІуэ псалъэмакъым фыщеплъ хъунущ КЪБР-м и Іэтащхьэм и ВКонтакте, Телеграм официальнэ аккаунтхэм.

Щ1ыухэр республикэм и Іэтащхьэм еупщІ хъунущ @Glava07_bot чат-ботымкІэ. Апхуэдэу фыщІэупщІэ хъунущ, +78662229300, +79287119400 телефонхэмкІэ фыпсалъэу. А телефон номерхэмкІэ фи упщІкэр ятхынущ 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м сыхьэти 9.00-м щыщІэдзауэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щ1ыхухэр, щ1ыналъэр къэхъукъащІэ шынагъуэхэм щ1ыхъумэным, къегъэлакІуэ лэжьыгъэр зыхуэй хуэзэу къызэрэпэщыным, егъэкІуэкІыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащІам, ильэс куэд щІауэ хьэлэлу я Іэнатіэм зэрыпэрытым папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ бгыІпэ къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гупым (Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гуп» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и къудамэм) хэтхэу:

Бондарь Алексей Виктор и къуэм - япэ класс зиІэ къегъэлакІуэм

Мишаев Ахьмэдыр Къралбий и къуэм - дунейпсо класс зиІэ къегъэлакІуэм

Шаваев Мухьтар Залымхъан и къуэм - япэ класс зиІэ къегъэлакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2022 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№140-УГ

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ социальнэ медиамрэ ехьэлІауэ и саугъэтыр тыным и Іуэхукіэ **унафэ сощІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ социальнэ медиамрэ ехьэлІауэ и саугъэтыр етын:

Беслъэней Еленэ Виктор и пхъум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и радиом урысыбзэмкІэ и редакцэм и программмэхэр езыгъэкІуэкІым, - «Радиопроект нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Багъэтыр Луизэ Артур и пхъум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторым, - «Тхыльымпіэм тедзауэ къыдэкІ газетым тета тхыгъэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Булат Наталье Николай и пхъум, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевизионнэ, радиовещательнэ компаниием и къудамэм хьыбарегъащІэ программэхэмкІэ и Іэнатіэм и корреспондент хэхам, «Журналист нэхъыфІ: телевиденэ» унэтІыныгъэмкІэ;

Гериевэ Асиат Мухьтар и пхъум, «Информационное телеграфное агентство России (ИТАР-ТАСС)» ФГУП-м и корреспондент хэхауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыпэм, - «Журналист нэхъыфІ: сетевое издание» унэтІыныгъэмкІэ;

Дол Марьянэ Мусэ и пхъум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и «Хьыбарыщ1эхэр» хьыбарегъащІэ программэхэмкІэ редакцэм и нэтынхэр езыгъэкІуэкІым, - «Телевизионнэ проект нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Дыщэкі Альберт Хьэзрэіил и къуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакторым, - «Журналист нэхъыфІ: тхыльымпІэм тедзауэ къыдэкІ газет» унэтІыныгъэмкІэ;

Лобановэ Верэ Николай и пхъум, Урысейм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтым, - «Тхыльымпіэм тедзауэ къыдэкІ муниципальнэ газетым тета тхыгъэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Мэзуку́эбз Аслъэн Мухьэмэд и къуэм, блогерым, - «Блогер нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Тикаевэ ФатІимэ Абдуллэхь и пхъум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Заман» газетым и редакторым, - «Сетевой къыдэкІыгъуэм тета тхыгъэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэмкІэ;

Хьэмгъуокъу Оксанэ Хьэутий и пхъум, блогерым, - «Публикацэ нэхъыфІ: социальнэ медиа» унэтІыныгъэмкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2022 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м.
№141-УГ



«Хъуэпсапіэхэм я псейм» ныбжьыщІэхэр егъэгуфІэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, «Хъуэпсапіэхэм я псей» урысейпсо псапащІэ Іуэхугъэр къэралым и щІыналъэ псоми къыщызэгъэпэщыныр хабзэ дахэу щыуващ Урысей Федерацэм. Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я гукъыдэжыр къэзыІэт а Іуэхуфіым зыщимубгъуащ ди республикэми.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Хъуэпсапіэхэм я псейм» деж иджыблагъэ щ1ыхуэзащ Налшык дэт школ-интернат №1-м и еджакІуэ цІыкІуэхэм. Абы теухуа хьыбар итщ республикэм и Іэтащхьэм и телеграм-каналым. «Си гуапэу сащІащ къысхуэзэну гукъыдэж зыщІа сабийхэм: Аишэ, Сулеймэн, Суннитэ, Амырхъан, Миланэ, Дианэ сымэ, - жеІэ КІуэкІуэм. - НыбжьыщІэхэм ущепсалъэкІэ, сыт щ1ыгъуи къыбощІэ щІэ гуэр, ахэр къыбдогуашэ яхэлъ жыджэрагъыкІэ. НэхъыфІ дыхьуным, ди мурадыфІхэм далъэІэсыным нэхъ ерыщу дыхущІэкъуным дыхуагъэуш псэ къабзэ зыбгъэдэлъ сабийхэм».

Ныбжьыщ1эхэр республикэм и унафэщІым дэгуэщащ ещхьным, творческэ лэжьыгъэм щІэ ехьуІэныгъэхэмкІэ. Абыхэм утыку ирахащ я Іэрыщ1 лэжьыгъэ цІыкІухэр. Апхуэдэу щ1ыналъэ Іэтащхьэм хуаІуэтащ Илъэсыщ1эм ирихьэлІэу я1эрыхьэну зыщ1эхъуэпс тыгъэхэр сыт хуэдэми. Упщ1эхэри я куэдт цІыкІухэм.

КІуэкІуэ Казбек гупсэхуу ядэуэрэшращ ныбжьыщ1эхэм, дэтхэнэ жи1эми набдзэгубдзаплъэу едаІуэу. Ар цІыкІухэм ехьэгъэкІуащ узыншагъэ бидз, гукъыдэж я1эну, Илъэсыщ1эм ехьэлІа я хъуэпсапіэхэри яхуигъэзэщІэну къиГъэгугъащ. Апхуэдэу гуапэу екІуэкІа зэІущІэм и кІэухэу абы хэта псоми фэеплъ сурэт дахэ зытрагъэхащ.

«Хъуэпсапіэхэм я псей» псапащІэ Іуэхум хуэщІауэ, Кремлым и Уардэунэм мы гъэми щагъэуващ а жыг баринэ щхьэантІэ зыкъизыхыр. УФ-м и Къэрал Советым и зэІущІэм хэтын мурадкІэ Москва щ1ыкІам щ1ыгъуэ, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек пыІэбащ а псей гъэщІэрэщІам икІи къыфихащ сабий хъуэпсапіэхэр зэрыт тхылъ цІыкІуищ.

«Цыхуэ куэд къызэщІэзыубыдэ «Хъуэпсапіэхэм я псей» илъэсыщІэ Іуэхур егъэкІуэкІыныр УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ я1ублагъэ щытащ икІи 2018 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ, - жеІэ КІуэкІуэм - Волонтёрхэм зэхуахьэсауэ а псейм фІэлтъ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми я1ущ1 сабийхэм я илъэсыщІэ хъуэпсапіэхэр зэрыт тхылъхэр, Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм къикІа-хэм, дзэм ираджахэм я бынхэм къабГэдэкІ тхыгъэхэри хэту».

Ди щ1ыналъэм и унафэщІым псейм къыпиха тхылъ цІыкІухэм ярытт сабийхэр зыщІэхъуэпс хьэпшыпхэр зыхуэдэр: зыр хуейт графикэм тещІыхьа планшет и1эну, адрейр - ноутбук, ещанэр щІэхъуэпсырт зэрыджэгу трактор цІыкІум. КІуэкІуэм зэрыжи1амкІэ, ди дэІэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ хуэныкъуэ ныбжьыщІэхэм Іэмал имыІэу защІигъэкъуэнущ. «Щ1ытыкІэ гугъум ихуа сабийхэм мыгувэу я1эрыхьэнущ зыщІэхъуэпса илъэсыщІэ тыгъэ гуапэхэр», - жи1ащ республикэм и Іэтащхьэм.

Къегъэлакіуэхэм яхуозэ

Къегъэлакіуэм и махуэм и пэ къихуэу УФ-м граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, щ1ытыкІэ къызэрымыкІуэхэмрэ къэхъукъащІэ шынагъуэхэм къаша лъэужьыр гъэкІуэдыжыныжмкІэ и министр, генерал-лейтенант Куренков Александрэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ зэгъусэу къапщытащ Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ бгыІпэ къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гуп цІэрыІуэм и зэІуэзэпэщынгъэмрэ техникэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэщІэуэздамрэ.

Іуащхьэмахуэ бгыІпэ къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гупым цІыху 90 щолажьэ, техникэу 47-рэ яІэщ. Абы хэтщ альпинизмэмрэ бгы-лыжэ спортымкІэ Іэщ1агъэлІ къызэрымыкІуэхэр. Гупыр метр 2150-рэ зи лъагагъ Терскол къуажэ цІыкІум дэсщ. Абы и нэІэ щІэтщ ди хэгъэгур, кавказыбгхэм яхьхьэ метр мини 5 зи лъагагъ бгыІуэ 8-м щ1ыщ 7-р, ахэр Урысейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэхэм хабжэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ турист зрикІуэ гъуэгуу 57-рэ и1эш, я гугъуагъ епъытакІэ хьуэ зыщхьэщ1ахуэ, пори зэжэту къапщтэмэ, километр мин 1,4-рэ и кІыхьагъш1 гъэзгум. Мы илъэсыр зэрыщ1идзэрэ абы ириКІуащ турист гуп минитІым щІигъу е цІыху мин 16.

Мы гъэм гупым къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ Іэхуу 140-рэ ирагъэкІуакІащ, цІыхуи 128-рэ кърагъэлащ. Апхуэдэ Іэхуэхэр и нэхъыбэм щекІуэкІыр бгым и лъагапІэ дыдэращ, дунейм и щ1ытыкІэр щ1ымыуэфІ щ1ыпІэхэрщ.

«Сэ нобэ къэспщытэр турист щ1ыпІэм лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрыщ1ыхьумрэ ди къегъэлакІуэхэр я Іэнатіэм зэрехьулІэмрэщ. Мыбы щекІуэкІ Іуэхуфіхэр нэгъуэщІ хэгъэгуэм щ1ыІэ мыпхуэдэ щ1ыпІэхэм яІэ. Пэжщ, туристхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэр экономикэм дежкІэ фІыщ, ауэ абы Урысейм и МЧС-мрэ республикэ унафэщІхэмрэ я лэжьыгъэр зэгъэуІуауэ щытын хуейуэ къегъуэ, шынагъуэ къэмыхъун, абы хуэзышэн нык1ъуасныгъэ щ1ымыІэн папщІэ», - жи1ащ Куренков Александр.

КІуэкІуэ Казбек Куренков Александр фІыщІэ хуищІащ ди щ1ыналъэм къызэрыкІуам папщІэ икІи туристхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщ1ыныжмкІэ федеральнэ министерствэм купщІафІэу дэлажьэну республикэр зэрыжъэзырыр къыхигъэщ1ащ.

Республикэм и Іэтащхьэм игъэбелджылащ Іуащхьэмахуэ бгыІпэ къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гупыр и къалэным фІыуэ зэрыпэлъэщыр. «Дэ сыт щыгъуи зыхуэныкъуэмкІэ защІэдгъэкъуэну дихьхьэзырщ», - жи1ащ КІуэкІуэм.

КІуэкІуэ Казбекрэ Куренков Александ рэ гупым хэтхэм яхуэзащ икІи щІыхь дамыгъэ лъапІэхэр зыхуэфащэхэм иратыжащ. КЪБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ, цІыхубзр хъумэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІам, ильэс куэд щІауэ хьэлэлу я Іэнатіэм зэрыпэрытым папщІэ «КЪБР-м щ1ыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэ лъапІэр хуагъэфэщащ Бондарь Алексей, Мишаев Ахьмэдыр, Шаваев Мухьтар сымэ.

Куренков Александрэ «Кавказ.РФ»-м и унафэщІымрэ тепсэлъыхьащ турист Іуэхум-рэ къэхъукъащІэ шынагъуэхэр щ1ымыгъэІэнымкІэ Іэнатіэмрэ нэхъри зэрызэгъэужьыпхъэм. Апхуэдэуи метр 4200-рэ зи лъагагъ бгым тет «Приют 11» хэщІапІэр зэрыпэщ1ыжьым зэрыхуейм тепсэлъыхьащ. Ар зэфІэкІмэ, Урысейм и МЧС-м и къудамэхэр щІэсынущ. Абы Іэмал къитынущ бгым къыщ1ихъу-къыщ1ыщІэхэм къегъэлакІуэхэр нэхъ псынщІэу нэсыну. Іуэхущ1апІэр 2024 - 2025 гъэхэм зэрагъэпэщ1ыжьну я мурадщ. Къыщ1ынэмыщІауэ километр 30,5-рэ зи кІыхьагъ экологие лъагъуэхэр пхашыну я гугъущ.

Хэхауэ сабийхэм яхуосакъ

КЪБР-м и Іэтащхьэм иджыблагъэ ириГъэкІуэкІащ Терроризм пэщІэтыныжмкІэ комиссэмрэ республикэм щ1ыІэ Оперативнэ штабымрэ зэщ1ыгъуу къызэрагъэпэща зэІущІэр. Ар нэхъыщхьэу зытеухуауэ щ1итар илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэм сабийхэм гузавэгъуэ къатемыгъэхьэныр, а зэманым екІуэкІыну гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм терроризм и щ1ынагъуэм щ1ыхъумэныр.

КІУЭКІУЭ Казбек зэрыжи1амкІэ, иджыпсту зэтеуба щ1ытыкІэр къалъытэри, щ1ыху куэд щ1ызэхуэс гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр ирамыгъэкІуэкІмэ нэхъ тэмэму я1эуващ. Ауэ абы сабийхэм я илъэсыщІэ гуфІэгъуэ зэхуэсхэр хьхьэрхьэм икІи ахэр егъэджэнымрэ и Іуэхущ1апІэхэм къыщ1ызэрагъэпэщ1ынущ.

Республикэм и Унафэщ1ым хабзэр хъумэныжмкІэ Іуэхущ1апІэхэм яхуигъэуващ щ1ыху зэблэкІыпІэхэм, утхэм, паркхэм, сабийхэм я нэгу щ1ызрагъэужь адрей щ1ыпІэхэм, дин Іуэхущ1апІэхэр зэдащІэ щ1ыпІэхэм хэхауэ я нэІэ трагъэтыну.

Къэрал кІэуцІ Іуэхуэхмкіэ министру КЪБР-м щ1ыІэ **Павлов Василий** зэІущІэм хэтахэр щ1ыгъуэзэ ищІащ илъэсыщІэ лъэхъэнэм ц1ыхухэм щ1ынагъуэ къатемыгъэхьэныр хуэгъэзауэ ведомствэм илэжьыну Іуэхухэм.

ЗэІущІэм къыщапщытэжащ Терроризм пэщІэтыныжмкІэ КЪБР-м щ1ыІэ комиссэм 2022 гъэм зэфІигъэкІахэр икІи ар 2023 гъэм зэрылэжьэну планым щ1ыхэплъащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іуэху щхьэхуэхэм ятеуху пщэрылъхэр зыхуэфащэ Іэнатіэхэм яхуигъэуващ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щ1ыІэм и аппаратым КЪБР-м кІуэгъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуэдуэ Тимур**, Правительствэм и лэжьакІуэхэр, министрхэр, муниципальнэ щ1ыналъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэр.

ЦІыкІухэм я гукъыдэжыр къаІэт

● Илъэсыщ1э зэхьхьэхэр

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КЪБР-м и Музыкэ театрымрэ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэмрэ республикэ илъэсыщІэ псейхэр къыщ1ызэІуахащ. Абы ирагъэблагъащ Украинэм щекІуэкІ Іуэхухэм зэхуэныу ираджа щІалэхэм я бынхэр. Іуэхур къызэрагъэпэщащ КЪБР-м и Правительствэмрэ республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъунигъэмкІэ, Узыншагъэр хъумэныжмкІэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэхэм.

- ПЩІЭ зыхуэтщІ адэ-анэхэ, анэшхуэ-адэшхуэхэ, цІыкІухэ! Къэралыр зыхэт гугъуехьхэм емылъытауэ, ди къалэнщ сабийхэм илъэсыщІэ зэхьхьэхэр къахуэздгъэпэщыну. Адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ нобэ дызэрихьэщІэр гуапэщ! ЦІыкІухэм узыншагъэ я1эу, я ехьулІэныгъэхэм фригушхуэу, я гуфІэгъуэ флъагъуу Тхьэм къигъэхьу! - жи1ащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Хъубий Марат**. - Илъэсыжьым мыхъумыщІэ псори здихьину, дэтхэнэми фи хъуэпсапІэхэр къывэхъулІэну Тхьэм жи1э!

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр, республикэм и Илъэсыщ1э псейм и къызэгъэпэщ1ауэ комитетым и унафэщІ **Асанов Алим** КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и цІэкІэ ехьэхъуащ зэхьхьэм къыгъэгугъащ. Апхуэдэ гуапэу екІуэкІа зэІущІэм и кІэухэу абы хэта псоми фэеплъ сурэт дахэ зытрагъэхащ.

«Хъуэпсапіэхэм я псей» псапащІэ Іуэхум хуэщІауэ, Кремлым и Уардэунэм мы гъэми щагъэуващ а жыг баринэ щхьэантІэ зыкъизыхыр. УФ-м и Къэрал Советым и зэІущІэм хэтын мурадкІэ Москва щ1ыкІам щ1ыгъуэ, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек пыІэбащ а псей гъэщІэрэщІам икІи къыфихащ сабий хъуэпсапІэхэр зэрыт тхылъ цІыкІуищ.

«Цыхуэ куэд къызэщІэзыубыдэ «Хъуэпсапіэхэм я псей» илъэсыщІэ Іуэхур егъэкІуэкІыныр УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ я1ублагъэ щытащ икІи 2018 гъэ лъандэрэ къызэрагъэпэщ, - жеІэ КІуэкІуэм - Волонтёрхэм зэхуахьэсауэ а псейм фІэлтъ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми я1ущ1 сабийхэм я илъэсыщІэ хъуэпсапІэхэр зэрыт тхылъхэр, Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм къикІа-хэм, дзэм ираджахэм я бынхэм къабГэдэкІ тхыгъэхэри хэту».

Ди щ1ыналъэм и унафэщІым псейм къыпиха тхылъ цІыкІухэм ярытт сабийхэр зыщІэхъуэпс хьэпшыпхэр зыхуэдэр: зыр хуейт графикэм тещІыхьа планшет и1эну, адрейр - ноутбук, ещанэр щІэхъуэпсырт зэрыджэгу трактор цІыкІум. КІуэкІуэм зэрыжи1амкІэ, ди дэІэпыкъунигъэрэ гулъытэрэ хуэныкъуэ ныбжьыщІэхэм Іэмал имыІэу защІигъэкъуэнущ. «Щ1ытыкІэ гугъум ихуа сабийхэм мыгувэу я1эрыхьэнущ зыщІэхъуэпса илъэсыщІэ тыгъэ гуапэхэр», - жи1ащ республикэм и Іэтащхьэм.

ИлъэсыщІэпежьэ пшыхь

● Пшыхьхэр

Кулиев Къайсын ягу къагъэкІыж

КЪБР-м и Музыкэ театрым пшыхь гуапэ щекІуэкІащ, КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат, жыпІагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Кулиев Къайсын къыІэрыІэхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ.

МУЗЫКЭ театрым и пІэ къатым и пІэлъщІэ пшыхьм щагъуэват усакІуэ цІэрыІуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ ятеухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэ, Шэджэм къалэм дэт и унэ-музейм щахъумэ, ешьм къыщІэна хьэпшыпхэм ящыщхэр.

Зэхьихьэм и президиумым хагъэхьащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Цыхуэм и хуитыныгъэр хьумэныжьКІэ КЪБР-м и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэгъэзит Юрэ**, абы и кІуэдзэ **Беппаев МутІэлип**, КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Созаев Ахъмэт**, журналист, усакІуэ, литературэ критик, публицист **Моттаевэ Светланэ**, Къайсын и щхьэгъусэ **Кулиевэ Элизэт**, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхакІуэ, публицист **Латынин Валерий**, Адыгэ, Къэбардей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь **Мэшбашіэ Исхьэкъ**, Къыргъызым, Чувашем, Тэтэрстаным, Башкирием, Адыгеим, Шэшэным, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставропольскэ крайм, Алтаймэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІа хьэщІэхэр, усакІуэ, тхакІуэ щІэрыІуэхэр.

Къудзокъуэ Мухьэмэд кьеджащ КІуэкІуэ Казбек зэрызакъыхуигъазэ тхыгъэм. Абы итщ Кулиев Къайсын и цІэр псоми ягу зэрилъыр, цІыху гуапэу, Іущу, псэ къабзэу, Хэкур зыгъэпэжу псэуа усакІуэм и фэеплъыр, абы къыщІэна «Псэухэм - мамырыгъэр гуфІэгъуэрэ» псалъэхэр зэращымыгъупщэнур. Тхыгъэм кьыхощ къэралым исхэм ящыщу и тхыгъэхэм еджэ дэтхэнэри зауэгъэм, пэжыгъэм, гуапагъэм, лъагъуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, лІыгъэм, гъащІэм и нэгъуэщІ лъапІэныгъэхэм къыуриджэу зэрыщытар.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр КІуэмахуэ Мухьэдин пшыхьым зыкъэрезыгъэхьэлІахэм Кулиевым и гущІэмрэ и гуащІэмрэ и гугъу яхуищІащ. Дунейм щытетым гугъуехь куэдым пхыкІыну ежьыжьхуиху Къайсын къызыІэрыІуэ цІыху гуапэу ягъэзэтенат, хэуныкъуэ дэтхэнэми дэлэпыкъуу, щІыналъэм щыпсэуэхэм я гуэзэвгъуэр ящхьэщихыу. Кулиевым и усэхэм ГъащІэм дыхурагъаджэ, щыгъагъэхэм пэІущІэ дащІ. «Псэухэм - мамырыгъэр гуфІэгъуэрэ», «Цыху псори хэти фІыуэ хуэльагъунущ, уэ гъунэгъуэр фІыуэ лъагъуф», - жиІэу щытащ Къайсын, зэгъунэгъуэр фІыуэ дыззыІыльагъу, дызэрыльытэу дыпсэуэ папщІэ. Абы къыщІэна тхыгъэхэр балъкъэр усыгъэм зэрильагапІэр, хэку лъагъуныгъэр, захуагъэр, дахагъэр зыпхъыуа и усэхэм Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэмкІэ щІэупщІэшхэу зэращІэр, ауэр ноби щІэщыгъуэ ящыхьуу зэрызэІэпахыр, джэру зэрызыкъыщигъэльэгъуэм къыдэкІуэу, Кулиев Къайсын СССР-м, РСФСР-м я ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я правленэхэм хэтащ, КъБАССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и апэ секретарь щытащ. Лъэпкъ литературэм усакІуэм хуищІа хэпхьэныгъэфІхэмрэ къэралым и щхьэхуитыныгъэм, мамырыгъэм зэрыщІэбнамрэ гулъытэншэ хъуакъым. Абы къыхуагъэфащащ Ленин, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, Хэку заузышхэр орденхэр.

Кулиев Къайсын и цІэр зэрахьэ Балъкъэр драмтеатрым, Налшык и зы проспектым, Шэджэм къалэм и уэрамхэм ящыщ зым, и фэеплъ музейм хэту къыщыІэтэнщэ псалъалІэ фондым, Шэджэм Ищхъэрэ школым, Тырныауз къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм, нэгъуэщІхэмм.

- УсакІуэр апхуэдэу дыдэу инкъым. Ар апхуэдэу зыгъэиныр къыщыхъуа щыналъэм щыпсэу цІыхухэрщ. Кулиев Къайсын усакІуэ къудейкъым. Абы и дунейм щхьэхуэу дыкъытеувыІэн хуейщ. Ар икІи зауэлІщ, цІыхущ, жьІагъуэ лэжьакІуэщ, - жиІащ УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Иванов Николай.

Мэшбашіэ Исхьэкъ игу кьиГъэхьжащ 1961 гъэм, Литературнэ институтым щыщІэса зэманым, Кулиевыр къыцІыхуауэ зэрыщытар. Илъэс 12-кІэ нэхъыжьмэ, Исхьэкъэр Къайсынрэ ныбжьэгъуфІ зэрыІэжъуэхъуам, я махуэжэр зэрыІэдгъэлъэпІам, балъкъэр лъэпкъыр я щІыпІэм щащам ятелъа гуэзвгъуэм теубухахэм къытеувыІащ ар. ХьэщІэм и гуапэу кьыхигъэщащ апхуэдэ усакІуэ щэджащ, лъэпкъыпІ къыызыкІа балъкъэр лъэпкъыр, абы и благъэхэр, и Іыхьлыхэр зэрына-сыпыфІэр, псэ кьулей зиІэу щыта, Кавказым ис псори зэхуигъадзу псэуа Кулиевым пщІэшхэу хуищІу зэрыщытар.

Пшыхьым и етІуанэ Іыхьэм республикэм и артист пажэхэр Кулиевым и усэхэм къеІэтащ, и псалъэкэр зэщІалъхьа уэрэдхэр щагъэзэщІащ. Къайсын и щхьэгъусэ Элизэт усакІуэр зыгъэлъэпІа псоми фІыщІэ яхуищІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Жьы хъуахэм я сэбэп зыхэлъхэр

КЪР-м Лъэпкъ Іэхуэхэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм щекІуэкІащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я урысейпсо жылагъэ Іэухуащіапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и советым и пленум.

АР иригъэкІуэкІащ а жылагъэ Іэухуащіапіэм и унафэщІ **Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд**. Кьыззэхуэсахэр Іэухугъуэ зыбжанэм хэплъащ: ветеран зэгухьэныгъэхэр жьы хъуахэм я сэбэп зыхэлъхэр яхьумэн и Іэныкъуэкіэ властым и къудамэ псоми зэрадзлажьэм, ветеран зэгухьэныгъэхэр урысейм и псэкупсэ пІэлпІэныгъэхэр хъумэным икІи гъэбыдэным тещІыхь къэрал политикэр пхыгъэкІыным зэрыщІэбэным.

Пенсэ фондым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщІ **Бэрсэдж Юрэ**, капремонтыр егъэкІуэкІынымкІэ щІыналъэ унафэщІ **Кулиев Мустафир**, Тарифхэмкіэ, псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ къэрал комитетым и унафэщІым и кІуэдзэ **ГыкІэпІ Алим** сымэ кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ. Пенсэ, Социальнэ страховании фондхэр зэрызэхуэсыр, капремонтымрэ псэупІэгъэ Іэухутхьэбзэхэмрэ я гъэсэкІ зэрысудачьыс щІыкІэм, апхуэдэуи ЖКХ-м техуэ уасэхэм ягъуэта зэхьэзыныгъэм.

КЪБР-м лъэпкъ Іэхуэхэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министр **КІуракьин Анзор** тепсэлъыхьащ ветеран зэгухьэныгъэхэмрэ властым и къудамэхэмрэ зэрызэдзлажьэм.

Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд зэІущІэм хэтхэр зэрыщІэсыр Зауэм, Лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я урысейпсо жылагъэ зэгухьэныгъэм и съездым къыриКІуэхэм. Кьызэхуэсахэм дАыІэгъащ Индыл и Іуфэм щекІуэкІа зэхэуэм Совет Армэр зэрыщытекІуэрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу Волгоград къалэм и цІэр Сталинград жиІэу зэрахъуэкІыжьыным теухуауэ ветеранхэм я Волгоград жылагъуэ зэгухьэныгъэм къыхилъхьар.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІым и кІуэдзэ **Хъубий Марат**, КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэлэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим**, щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ министр **Лу Азэмэт** сымэ. Республикэм и Правительствэм и вице-премьерыр ветеран зэгухьэныгъэм фІыщІэшхэу хуищІащ жылагъуэ гъащІэм жьыджэру зэрыхэтым къыхэкІыу. Абы къыхигъэщащ нэхъыжьхэм щІалэгъуалэм псэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным, блэкІар ящымыгупщэным, иджыри зэманым декІу Іэху ептыкІэ пхыгъэкІыным хуэунэтІауэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэкІыр.

ЗэІущІэм и кІэухуэу КІуракьин Анзор, кьызэхуэсахэм кьыдаІэту, ШыхъуэбахьуэМухьэмэд иритащ дээм ираджэну щІалэгъуалэм теухуауэ ветеранхэм я щІыналъэ Іэхуэщіапіэхэм ирагъэкІуэкІа «Хэкур хьумэным сыхуэхьэзырщІ!» урысейпсо лэжьыгъэм и лауреатым и дипломыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Республикэм щыяпэ центр

Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КЪР-м щыІэм и унафэщІ Бакъ Николай дыгъэгъазэм и 19-м Аруан районым къыщызэІуихащ республикэм щыяпэ, зи ныбжь хэкІуэтахэр щызэхуэзэну центр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр яшыщІ социально-клиент проектхэр щыпхагъэкІ щІыналъэхэм.

ПЕНСИОНЕРХЭМ я апэ зэІущІэм хэтхэм гуапэу ирагъэблагъащ Бакъ Николай икІи шей зэдефэуерэ нэхъыжьхэм кьыхахъэщащ апхуэдэ центр къызэрызагъэпэщар гуапэ зэращыхьэрар икІи щІэупщІащ абы и лэжьыкІэр зыхуэдэнум.

Пенсэ фондым Іэухутхьэбзэ зыхуищІэхэм я зэхуэс ирагъэкІуэкІыным, щахущІыхьым деж зэпсэльыпІэу зэбгъэдэсыным хуэщІащ центрыр. Пэш нэхушхуэр кьызэгъэпэщащ унэльащІэ щабэкІэ, щІэтщ шахмат, шашкэ зэрыджэгуэр зытет стІол бгъуфІэхэр, иІащ библиотекэ цІыкІу. ТелъхьэпІэкэр кьызэгъэпэщащ пенсэ хабзэм ехьэлІа тхыльхэмкІэ, дунейпсо художественнэ литературэкІэ, тельщ республикэ газетхэр.

ІэщІагъэлІэхэм къахуэкІуэхэр «хьэщІэ» компьютеркІэ кьызэрагъэпэщащ, интернетыр кьагъэсэбэпрэ зыхуеину хьыбарыр тхыльымпІэм тету кьыдгъэкІыными хуэщІауэ. Абы апхуэдэуи пенсионерхэм Іэмал ярет компьютерым ирилэжьэным зрагъэсэну, Іэхуэщіапіэм автоматизацэмкІэ и къудамэм и пэжьыкІуэхэм нэхъыжьхэм абыкІэ зыщІагъэкъуэжнущ.

Залым иІэщ медицинэ планэпэ зэпэщ, хуей хъумэ, пенсионерхэм я давленэр зыхуэдэр къыщапщІыну. Апхуэдэуи щыІэщ диван тыншкэр, абы ису кофе е шей зэрефэну щыІэпсэльэн, прессэм щеджэн, спорт телевизэтынхэм, кинохэм щеплъын щыІэпІэ хэха.

Іэхуэм хэтащ щыІэным щыщ пенсионерхэр, жылагъуэ Іэухуащіапіэхэм, Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм я лІыкІуэхэр.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КЪР-м щыІэм и пресс-Іэухуащіапіэм и унафэщІ Биток Михаил зэрыжиІащи, Іэхуэгъэхьэзэ зыхуащІэхэм ядалэжьэныкІэ кІуалыкъуэм и Іэщіагъэлізкіэр набдзэгубдзапІъуэ яхущытыр я деж кьеІуалІэхэм, я лъэпкъэмрэ зыхуейхэмрэ яхуэзэфІэгъэкІыным йогугъу.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэбгъэдэкІыжхэр нэхъыбэ мэхъу

Къэралым иужьрей зэманым щыхохъуэ зэщхьэгъусэ зэбгъэдэкІыжхэм я бжыгъэм. Псом хуэмыдэу ар нэхъыбэу къыщыхъур хэгъэгуэгъэщ. Ар къызыкІри гъэщІэгъэунэщ - унагъуэхэм зэрызащІигъакъуэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэрщ и щхьэгъусыгъэр.

ИДЖЫБЛАГЪЭ а Іуэхум щытепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм унагъуэм, цІыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я Іэхуэхэмкіэ и комитетым и зи чэзу зэІущІэм. Зэман гуэнэгъум жылагъуэм и лъабжьэр кьэзыгъэтІэсхъэнкІэ щынагъуэу щыт Іуэхум теуху псалъэмакъыр къыхилъхьащ Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм и департаментым и унафэщІ Самаринэ Ольгэ.

«Зэщхьэгъусэхэм къалэжьыр, унагъуэм щІэсхэм ятебгъуэщэжрэ, цІыхур псэун папщІэ зыхуэныкъуэу къаІэпъэгъуэм хуэкІуэмэ, къэралым и социальнэ дэІэпыкъуныгъэр ялъысынукъым, - жиІащ Самаринэм. - Абы къыхэкІыуи зэбгъэдокІыжхэр, я хэхъуэри гуэша мэхъу. Социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэр цІыхухэм зэрырятыр зэдгъэщІэну дэ дыщыщІащи къэралым и щІыналъэхэм, ди нэгу щІэкІащ Іуэхур зэрекІуэкІыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я хэхъуэм тещІыхьауэ дэІэпыкъуныгъэр зратхэм зэрыхэмыхуэр зыжьІа зэщхьэгъусэхэм, къэрал ахъшэр зыІэрагъэхъэныкІэ Іэмал «къэрзынэу» я къальащІ я нэхъыбэр егъэжьутэжыныр».

УрысыбзэкІэ ягъэпсэлъэнукъым

Эстониеи и унафэщІхэм мурад ящІащ а къэралым щыІэ урыс школхэр зэхуащІыжыну. ЗэрагугъэмкІэ, 2029 гъэм ирихьэлІэу абыхэм псоми эстоныбзэкІэ щрагъаджэу зэтраублэнущ.

ПСОМ апэу къэралым бзэмкІэ пэжу псалъэу щрагъэсэн хуейщ сабий садхэмрэ школхэм я пэщІдзэ классхэмрэ. Апхуэдэуи егъэджакІуэхэм бзэр зэращІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ университетхэм кьыщызэрагъэпэщынущ курс щхьэхуэхэр.

Къэралым щыпсэуэхэм урысыбзэр нэхъ псынщІэу щагъэгъупщэн папщІэ, эстонывбзэмкІэ езыгъаджэ егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я упахуэм хагъэхъэунущ. Псом хуэмыдэу Іуэхур щыщІагъэхуэбжьэнущ икІи абы нэхъ ткІийуэ иужь щихьэнущ Урысейм и гъунапкъэм пэгъунэгъуэу щыс Ида-Вирумаа щыналъэм. А хэгъэгум эстонхэм ящыщу щыпсэур мащІэ дыдэщ - процент 18,5-рэ хъуэу аращ.

Дыгъэгъазэм и 27, *гъубж*

✦УФ-м щагъэлъапІэ КъеГъэлакІуэм и махуэр.
✦1932 гъэм СССР-м и ЦІыхубэ комиссархэм я советым и Гъэзэщіакіуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ хъущІащ къэралым и цІыху балигъ псоми паспорт яІэн икІи дэтхэнэри щыпсэу щыпІэм щатхаягъ щытын зэрыхуейм теухуа унафэр.
✦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэр гъэувыным теухуа Унафэ хъущІащ.
✦1929 гъэм кьалъхуащ литературэдж, критик, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-м, АР-м щІэныгъэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэкіуащэ Андрей**.
✦1947 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и и цІыхубэ артист **Къажэр Борис**.
✦1976 гъэм кьалъхуащ усакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Бемырзэ Зураб**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 28, *бэрэжьей*

✦Кином и дунейпсо махуэр
✦Кинематографым и махуэр
✦1959 гъэм Налшык къыщызэІуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщыщІагъэкІ завод.
✦1968 гъэм Мейкъуапэ иІэ Зэныбжьэгъугъэм и утыкум «ИгъащІэкІэ Урысейм дыщыІыгъуу фэеплъыр къыщызэІуахащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусиз 2 - 3, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **щхьэщэмыщІ Изэщ.**

ГуакІуэщ икІи хущхъуэщ

ЦІыхум лъыр къыщемащІэкІи и деж ар псынщІэу и пІэм ибгъэувэжыну тынШкъым. Апхуэдэхэр фагъуэщ, къаруушэщ, Іуэху кьызэригъуэкІ къудейм щІэхьыу ирегъэззэщ, щІэх-щІэхьыуэ мэпщІантІэ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІЭХЭМ кьызэралъытэмкІэ, зи гемоглобинэр лъьахъшхэкІ сэбэпышхуэ зыхуэхьэнущ. МылІэрысэм, пхъым, жэгунэ плъыжьым, нарым я псым (грамми 100-м утету) бжьэ фоуэ грамм 50 хэпльхьэжмэ. Абы бжэмышхьшхуэкІэ махуэм щэ уефэ хъунущ.

КьыпцІэ фІыцІафэшхуэр (чернослив), хуэрэджэр, чырыпшыцІар, нарыр, дэшхуэр зэхьвохьэжь, абы бжьэ фо мащІэу хьвольхьэри, махуэм хуэззу ешІ бжэмышхи 6 фошх.

Лъыр зи мащІэмкІэ апхуэдэу сэбэпышхуэщ хьэцыбанэр, хьурмэр, какаор, джэш щхьэантІэр, щІы мэракІэр, хьазмакъыр.

Гемоглобинэр гъущІ зэхэлъ белокщ, лъыпэр клетккэхэм нахьэсрэ, кьагъэсэбэпа углекислэ газыр кьыкъразыжу. Аращ ар мэрдэм тетын папщІэ витаминхэм, микроэлемент пкъыгъуэхэм куэду цІыхур щІыхуейр.

Апхуэдэу сэбэпышхуэщ эритроцитхэм я бжьыгъэ хэзыгъахьэу тхъуийр, фолиевэ кислотамкІэ кьулей хадзэкІэхэр: бжьыныр, нащгъэфІэІу удэыр, бжьыныхур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Жьы зэрымысым нэмыс итхъым, щІэ зэрымысым насып итхъым.

Гуакіуэщ икіи хущхъуэщ

ЦІыхум лъыр къыщемащІэкІи и деж ар псынщІэу и пІэм ибгъэувэжыну тынШкъым. Апхуэдэхэр фагъуэщ, къаруушэщ, Іуэху кьызэригъуэкІ къудейм щІэхьыу ирегъэззэщ, щІэх-щІэхьыуэ мэпщІантІэ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІЭХЭМ кьызэралъытэмкІэ, зи гемоглобинэр лъьахъшхэкІ сэбэпышхуэщ. МылІэрысэм, пхъым, жэгунэ плъыжьым, нарым я псым (грамми 100-м утету) бжьэ фоуэ грамм 50 хэпльхьэжмэ. Абы бжэмышхьшхуэкІэ махуэм щэ уефэ хъунущ.

КьыпцІэ фІыцІафэшхуэр (чернослив), хуэрэджэр, чырыпшыцІар, нарыр, дэшхуэр зэхьвохьэжь, абы бжьэ фо мащІэу хьвольхьэри, махуэм хуэззу ешІ бжэмышхи 6 фошх.

Лъыр зи мащІэмкІэ апхуэдэу сэбэпышхуэщ хьэцыбанэр, хьурмэр, какаор, джэш щхьэантІэр, щІы мэракІэр, хьазмакъыр.

Гемоглобинэр гъущІ зэхэлъ белокщ, лъыпэр клетккэхэм нахьэсрэ, кьагъэсэбэпа углекислэ газыр кьыкъразыжу. Аращ ар мэрдэм тетын папщІэ витаминхэм, микроэлемент пкъыгъуэхэм куэду цІыхур щІыхуейр.

Апхуэдэу сэбэпышхуэщ эритроцитхэм я бжьыгъэр хэзыгъахьэу тхъуийр, фолиевэ кислотамкІэ кьулей хадзэкІэхэр: бжьыныр, нащгъэфІэІу удэыр, бжьыныхур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КЪБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іэухуащіапіэм, КЪБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбардей-Балъкъэр» телекомпаниием, «КЪБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр «КЪР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іэухуащіапіэм автотранспортыр зехьэныкъэ зэгъэсэбэпныкІэ и къудамэм и шофер **Махиев Бузжигит Давлет и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къудзокъуэ Мухьэмэд ипечатэ ящІащ Къэбардей-Балъкъэр щІыналъэ газетым и редакцэ нэхъыжьым и унафэщІ Мамий Аслан и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Цыхуэм и хуитыныгъэр хьумэныжьКІэ КЪБР-м и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тхьэгъэзит Юрэ, абы и кІуэдзэ Беппаев МутІэлип, КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ Созаев Ахъмэт, журналист, усакІуэ, литературэ критик, публицист Моттаевэ Светланэ, Къайсын и щхьэгъусэ Кулиевэ Элизэт, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, тхакІуэ, публицист Латынин Валерий, Адыгэ, Къэбардей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэм я цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь Мэшбашіэ Исхьэкъ, Къыргъызым, Чувашем, Тэтэрстаным, Башкирием, Адыгеим, Шэшэным, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставропольскэ крайм, Алтаймэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІа хьэщІэхэр, усакІуэ, тхакІуэ щІэрыІуэхэр.

Къудзокъуэ Мухьэмэд кьеджащ КІуэкІуэ Казбек зэрызакъыхуигъазэ тхыгъэм. Абы итщ Кулиев Къайсын и цІэр псоми ягу зэрилъыр, цІыху гуапэу, Іущу, псэ къабзэу, Хэкур зыгъэпэжу псэуа усакІуэм и фэеплъыр, абы къыщІэна «Псэухэм - мамырыгъэр гуфІэгъуэрэ» псалъэхэр зэращымыгъупщэнур. Тхыгъэм кьыхощ къэралым исхэм ящыщу и тхыгъэхэм еджэ дэтхэнэри зауэгъэм, пэжыгъэм, гуапагъэм, лъагъуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм, лІыгъэм, гъащІэм и нэгъуэщІ лъапІэныгъэхэм къыуриджэу зэрыщытар.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр КІуэмахуэ Мухьэдин пшыхьым зыкъэрезыгъэхьэлІахэм Кулиевым и гущІэмрэ и гуащІэмрэ и гугъу яхуищІащ. Дунейм щытетым гугъуехь куэдым пхыкІыну ежьыжьхуиху Къайсын къызыІэрыІуэ цІыху гуапэу ягъэзэтенат, хэуныкъуэ дэтхэнэми дэлэпыкъуу, щІыналъэм щыпсэуэхэм я гуэзвгъуэр ящхьэщихыу. Кулиевым и усэхэм ГъащІэм дыхурагъаджэ, щыгъагъэхэм пэІущІэ дащІ. «Псэухэм - мамырыгъэр гуфІэгъуэрэ», «Цыху псори хэти фІыуэ хуэльагъунущ, уэ гъунэгъуэр фІыуэ лъагъуф», - жиІэу щытащ Къайсын, зэгъунэгъуэр фІыуэ дыззыІыльагъу, дызэрыльытэу дыпсэуэ папщІэ. Абы къыщІэна тхыгъэхэр балъкъэр усыгъэм зэрильагапІэр, хэку лъагъуныгъэр, захуагъэр, дахагъэр зыпхъыуа и усэхэм Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэралхэмкІэ щІэупщІэшхэу зэращІэр, ауэр ноби щІэщыгъуэ ящыхьуу зэрызэІэпахыр, джэру зэрызыкъыщигъэльэгъуэм къыдэкІуэу, Кулиев Къайсын СССР-м, РСФСР-м я ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я правленэхэм хэтащ, КъБАССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и апэ секретарь щытащ. Лъэпкъ литературэм усакІуэм хуищІа хэпхьэныгъэфІхэмрэ къэралым и щхьэхуитыныгъэм, мамырыгъэм зэрыщІэбнамрэ гулъытэншэ хъуакъым. Абы къыхуагъэфащащ Ленин, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, Хэку заузышхэр орденхэр.

Кулиев Къайсын и цІэр зэрахьэ Балъкъэр драмтеатрым, Налшык и зы проспектым, Шэджэм къалэм и уэрамхэм ящыщ зым, и фэеплъ музейм хэту къыщыІэтэнщэ псалъалІэ фондым, Шэджэм Ищхъэрэ школым, Тырныауз къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм, нэгъуэщІхэмм.

- УсакІуэр апхуэдэу дыдэу инкъым. Ар апхуэдэу зыгъэиныр къыщыхъуа щыналъэм щыпсэу цІыхухэрщ. Кулиев Къайсын усакІуэ къудейкъым. Абы и дунейм щхьэхуэу дыкъытеувыІэн хуейщ. Ар икІи зауэлІщ, цІыхущ, жьІагъуэ лэжьакІуэщ, - жиІащ УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Иванов Николай.

Мэшбашіэ Исхьэкъ игу кьиГъэхьжащ 1961 гъэм, Литературнэ институтым щыщІэса зэманым, Кулиевыр къыцІыхуауэ зэрыщытар. Илъэс 12-кІэ нэхъыжьмэ, Исхьэкъэр Къайсынрэ ныбжьэгъуфІ зэрыІэжъуэхъуам, я махуэжэр зэрыІэдгъэлъэпІам, балъкъэр лъэпкъыр я щІыпІэм щащам ятелъа гуэзвгъуэм теубухахэм къытеувыІащ ар. ХьэщІэм и гуапэу кьыхигъэщащ апхуэдэ усакІуэ щэджащ, лъэпкъыпІ къыызыкІа балъкъэр лъэпкъыр, абы и благъэхэр, и Іыхьлыхэр зэрына-сыпыфІэр, псэ кьулей зиІэу щыта, Кавказым ис псори зэхуигъадзу псэуа Кулиевым пщІэшхэу хуищІу зэрыщытар.

Пшыхьым и етІуанэ Іыхьэм республикэм и артист пажэхэр Кулиевым и усэхэм къеІэтащ, и псалъэкэр зэщІалъхьа уэрэдхэр щагъэзэщІащ. Къайсын и щхьэгъусэ Элизэт усакІуэр зыгъэлъэпІа псоми фІыщІэ яхуищІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Ислъамым и нур

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Зытеунахъуэр я бзэращ

Іэуэку цІыкІу ди гугъэжурэ Іуэхушхуэу къыщІидзыжу, е Іуэху цІыкІУ кьежьэрэ иужькІэ Іуэхушхуэм жиІуэжу, ди гъащІэм куэд къыхохуэ. И чэзум зыкъэдмыщІэжрэ иужькІэ икъукІэ дыхущІегъуэжми, ди щІегъуэжныем зыри къимыкІыжыну.

ДЫЗЫГЪЭГУЗАВЭ Іэхуэхэм я нэхъыбэр къыщежьэр унагъуэращ. ИужькІэ ар уэрамым къыдохьэ. Аузрэ псори ецІалэри, уз яхуохъу. Іуэхур абы щынэсам деж, цІыху узынШэхэм зыри хамыльхьэжыф мэхъу. Нобэ зи гугъу тщІыну Іуэхугъуэри апхуэдэ зыщ. Ар апхуэдизкІэ быдэу гъащІэм хэуваши, къаІэщІэтмэ, я щІакхъуэ Іыхьэр къатепха хуэдэу къащохьу куэдым. Зи гугъу тщІынур цІыхухэм я жьэм къужьвэдэкІ емыкІухэращ, псалъэзэпх папщІэу къагъэсэбэп псалъэ фІейхэращ. Зы псалъэкІэ жыпІэмэ, хъуэныбзэ яжьэдэлъэырщ.

Цыху хьэлынышэхэм, мыгъэсахэм хъуэнэнкІэ я гъащІэм цыщ зы Іыхьэ хъуащ, я бзэгугри абыкІэ яуфІеижащ. Цыху хьэлыфІэхэм, гъэсахэм ар кърамигъэкІуми, ар яжьэдэмылъмы, зыжьэдэлъхэм жаІэр зэхах ри я тхьэкІумэр уфІея мэхъу. Аращи, уи бзэгур узынШэми, уи тхьэкІумэр узынШэу кІыззтенэркъым. Уи бзэгум жиІэм теухуауэ уи щхьэ уэхутыж щхьэкІэ, уи тхьэкІумэм зэхихьм зыри пхуещІэнукъым. Ухуеймии ухуэмеймии, апхуэдэ гугъэ зэхьібох.

ХъуэнэнкІэ нэхъ ерыщэр цІыхухъуэращ, ауэ цІыхухъуэхэри къыуигъэщтэжыну цІыхубз ерыщ щыІэщ абы теухуауэ. ЦІыхухъу хъуанэ щыщІэнкІэ, цІыхубз хъуани щыщІэнкІэ, сабийхэр дэнэ кІуэжын? Абыхэми хъуанэбзэ яжьэдэлъу къохьу.

Нобэ ди цІыхухэр псэльамэ, зым «сымуслъымэнщ» жеІэри, абыкІэ зыкъыхегъэщ. Хэти сыадыгэщ е сыбалъкъэрщ жеІэри, абыкІэ хабзэрэ нэмысрэ зэрыхэлъыр къегъэлъагъэ. Ауэ сыт хуэдэ дин е хабзэ хъуэнэныр зыгъэдэхэр? Зыми игъэдэхэркъым. ИтІани, дэнэкІэ упльъами, удэІуами, хъуанэбзэ щыІэхьбох. Диныр зи гъащІэм и лъабжьэ хуэзыщІыжаХэм яхуэгъэзауэ кьыдохь мы псалъэ лъапІэр. ЖеІэ щэлатрэ сэламрэ зэха Бегъымбар лъапІэм: «МуІминыр *(Алыхьталэр зи фІэщ хъур)* уб эрейкъым, шхыдэрейкъым, бзэ фІейкъым, нэмысыешэкъым». Арамэ, хъуэнэнкІэ мусльымэным дежкІэ къемызэгъыххэу аращ. Сыт щыгъуи! Дэнэ деж! И фІэщыу щрет, гушыІэуи щрет, къэгубжьауи къэмыгубжьауи щрет! Зыми хуэмыгъэзами, хъуанэбзэ къыжьэдэкІмэ, абыкІи гуэныхь кьехъ цІыхум. Мусльымэн цІэ лъапІэ зэрихьэм епІэкІужа мэхъу. Ауэ хъуанэбзэр нэгъуащІым хуэгъэзамэ, ар куэдкІэ нэхъ хьэлъэ мэхъу. ЖеІэ щэлатрэ сэламрэ зэха Бегъымбар лъапІэм: «Мусльымэным псалъэ фІейр ипэсыныр фасикъыгъэм щыщІи, уеззэныр джаугъэм щыщІщ».

Къыззэрыхэдгъэщащи, балигъэм я дежщ къыщежьэр сабийхэм къажьэдэкІ псалъэ мыхъумыщІэжр. «Ин жыІэ цІыкІу Іуэтэж» жыхуаІэм ещхьу, сабийм зэхимыха жиІэжыркъым. Уеблэмэ абы фІэІэбыкІыжи, сабийм апхуэдэ псалъэ фІей зэрыжиІэм иридыхьэшхьн мурад иІэу, хъуанэбзэ езыгъаШи щыІэщ. «Мыр дауэ?» жыпІэрэ уеупщІмэ, «Ар иджыри сабийщ», жеІэри зегъэззэхуэж. Ар сабийми, уэ убалигъщ. Абы гуэныхь кІымыкьми, уэ кІыбохь. Мыр иджыри сабийщи, иджыпсту зыгуэр хэзмыпщэмэ, иужькІэ хэпщэжыгъуей хъунущ жиІэным и пІэкІэ, апхуэдэ къезыгъэззгъэм ящІэр хьэдэгъуэдахэщ. Зэманым я нэхъыфІ дыдэр зыІэщІагъэкІ. Джэгухэурэ сабийхэр зэрагъэкІуэкІ.

Иджыри зы. АкъылкІэ сэкъат гуэр зиІэ яльагъумэ, абы псалъэ фІей жрагъэІэуэрэ иридыхьэшхьжхэу. Нэхъ Іеижращи, сурэт трахыуРэ ар цІыхухэм хурагъэхьуРэ, зи Іуэныхьхэр щэ бжьигъэкІэ, уеблэмэ мин бжьигъэкІэрэ зыгъэбагъуэхэр щыІэщ. Абы иужькІэ деларэ хэт? Нобэ ауан ящІ мо тхьэмыщкІэхэра, хьэмэрэ пщдей ауанынІэ ихуэжыну делэшхуэхэра?!

Дызыхуэвгъэсакъыж дэтхэнэ зыри. Дымусльымэнмэ, дэнэ дежи мусльымэну дыщІыщыгъэт. ЦІыхур нэхъыбэ дыдэу зытеунахъуэр и бзэгуращ, жьыхэнмэри нэхъыбэ дыдэу къезыгъэлэжьыр аращ. Алыхьым дыкьихъумэ дэтхэнэ зыри, гущІэгъу къытхуищІ.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Анзор,
дин щІэныгъэхэмкІэ кандидат.
Налшык хъутІб.

МащІэрышхэхэр нэхъ щабэщ

Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и унэр.

Хьэнбэл и къуэ Ахьмэд мусльымэн мэсхьэб еплІанэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа хьэлимышхуэщ. Мы тхыгъэм къыщыхъа жьІэгъуэ кІэщІхэр Іэбу Дунья щІэмкІэ тхыдэм ныкъэна абы и къуэм «МэжэлІэным теухуа тхылъ» зыфІищам къитхащ. Хьэдис хъуми, пщІэшхуэ зиІэ цІыхухэм далъэгъуа хьэлми, Іэбу Дунья и тхылъым щІэзэхуихьэсащ нэхъ мащІэ пшхыху, уи дин лэжьыгъэр нэхъ зэрефІакІуэр уи фІэщ зыщІ щапхъэ дахэхэр.

* * *

Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам ипхъу ФатІимэ Хьэсэн и къуэ Абдулыхь и анэшхуэу щытащ. Унагъэм щызэІэпах хьэдисхэм яэт мыри: «Си Іумэтым нэхъ Іейуэ хэтынухэр тхъэгъуэм хэмыкІхэращ: шхын щІэщІигъуэхэр яшхыу, щыгъын щІэращІэхэмкІэ захуапэу, езыхэри псэльэрейхэу».

* * *

Лэкъымэн махуэр и къуэм зэреущияхэм щыщ: «Уа, си щІалэ! Уи ныбэ изу умышхэ, сыту жыпІэмэ, ерыскъы куэдыр узыфэхэм я тІысыпІэщ».

* * *

Даут бегъымбарым и къуэ Сулеймэн бегъымбарым (тІуми Тхъэм фІы кьахуищІэ) щІыхуэхэм щІакхъуэ хужь яригъэшхырт, езым ишхыр хьэ хьэжьигъэ пхъашэм къыхэщІыкІат.

* * *

Ялрэй мусльымэнхэм упшэрыныр гуэныхь птелъыным хуэдэ дыдэу напэтехыу кьалъытэрт.

* * *

Пшэр фыхъуным фыхуэсакъ, абы гущІэгъуншэ уещІ, - жиІэу щытащ Къайс и къуэ Іэмр.

* * *

Іэбдурэхьман и къуэ Хьусен жиІащ: «Лы лей къэпщтамэ, гъур хъуэжыху уныкъуэдыкъуэу зыкъэлъытэж».

* * *

Іибн Іэрэбий и псалъэ: «Хьэрыпхэм жаІэ хабзэщ: «ЦІыхур зэуэ пшэрри Іуэхум щы щІэту тегушхуэри щытыфынукъым».

* * *

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун ХьаІишэ и псалъэу Іурвэ къеІуэтэж: «ЛІыкІуэ лъапІэу Алыхьым и нэфІыр зыщыхуар дунейм зэрехьжрэ Іумэтым ныбэизыгъэм нэхърэ нэхъ бэлыхьышхуэ къатехуахьым. Сыту жыпІэмэ, цІыхухэр я ныбэ изу щышхэкІэ, я Іэпкъльэпкъыр пшэр, ягухэр быдэ, езыхэри хъуапсэрилэ мэхъу».

* * *

Іэбу ТІалиб и къуэ Хьэлий, ХьэтІаб и къуэ Умар (тІуми Алыхьыр арэзы кьахухьу) мыпхуэдэу жриІэрт: «Уи ныбжьэгъуитІым (Бегъымбар лъапІэмрэ Іэбу Бэкррэ) ахъэтым уащыхуэззжыну ухуеймэ, уи гуращэхэр нэхъ мащІэ щІы, уи ныбэ изу умышхэ, уи джанэр дыж, уи бгырыпхыр щІэкъуэз, уи вакъэр лажьэ».

* * *

Динар и къуэ Мэлыч жиІауэ къаІуэтэж: «ЦІыху губзыгъэм шхынымрэ щыгъынымрэ зыдригъэхьэхынукъым».

Ардыдэм жиІэрт: «ЗыгъэмэжэлІэным пагагъыр ирехужьэ, ныбэизыгъэр абы кьару хуохьу».

ЦІыху минибл зыщІэхуэ мэжджыт

КъШР-м и щыхьэр Черкесск дыгъэгъаззм и 17-м къыщыІэуахащ цІыху минибл зыщІэхуэ мэжджытышхуэ.

«КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэс Республикэм мэжджытыщІэ къыІэрыщІыІэуахамкІэ сынывохъуэхъу, - захуигъэзащ Іуэхум егъэщІылІа дауэдапщэм хэта, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий. - Кавказ Ищхъэрэм и мусльымэн псоми я дежкІэ тхъэельэІуплІэ ин хъунущ ар. УнафэщІхэмрэ щыналъэм щыщ жэрдэмщІакІуэхэмрэ зэкъуэту зрагъэхьулІэфа Іуэху щхьэпэщ а уху эныр».

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу хъуэхъуакІуэ щыІахэщ муфтийм и къуэдзэ Мисиров Хьэзыр, Кавказ Ищхъэрэ мусльымэн институтым и ректор Чочаев Шарафутдин, проректор Шыбзыхъуэ Мурат сымэ.

Мэжджытыр и инагъкІэ метр зэбгъуэнатІэ мин 4 мэхъу. Абы и фІыгъэкІэ, цІыхубзхэми цІыхухъухэми яубыд Іыхьэхэм зэуэ куэд щІэхуэнущ. ЦІыху нэхъыбэ къыщекІуалІэ хьидхэм мэжджытым и Іэгъуэблагъэм цІыху мин 20-м нэс нэмэз щащІыфынущ.

Къатищу зэтет ухуэныгъэм аззн джапІэу 4 хэтщ, дэтхэнэ зыми метр 52-рэ и лъагагъыу. Мэжджытыр къыхэзыгъэщ теплъэщ абы зи лъагагъкІэ зэхуэмыдэ унащхьэ хъурейуэ 33-м нэс зэрытелубар, и кум итым метр 20 и къэухъу. ЩхьэгъубжЭ 220-рэ хэлъщ мэжджытым. И блынхэм метр 32-рэ я лъагагъщ, мухьэрэбым - метр 12. Лъэгур мывэхум кьыхэщІыкІащ. Мэжджыт пщІантІэм мыдрисэ дэтщ. КьинэмыщІэуэ, гъэмаХуэмэ щІымахуэмэ хуэщІа андез щтапІэхэр хэщІыкъащ. Мэжджытым и хъуреягъкІэ - парк, щІыхьэпІэм пэгъунэгъуу - псыутх хащІыхьащ. Іэбу Хьэнифэ и цІэр зыфІащІыжа мэжджытышхуэм и бжэхэр япэ мэрем нэмэзым къыкІуэзІуахащ дыгъэгъаззм и 23-м.

Теубгъуэным и зэчыр

ЕтІуанэ Іыхьэ

Прималкинскэ къуажэм щыщ ди газетеджхэм зыкъытхуагъэзащ, мыбы и пэ кьихуэ «Ислъамым и нурым» зи япэ Іыхьэр къытеддзауэ щыта «Теубгъуэным и зэчырым» и етІуанэ Іыхьэм къыщІэупщІуэ. Щытхъу хуэфащэщ щІэныгъэм хахуэу кІапъеІэф дэтхэнэ зыми.

«Псэм удэмылажьэ» жиІауэ къаІуэтэж Къзаанокъуэ Жэбагъы. Бусэйри и зэчыр цІэрыІуэм и етІуанэ Іыхьэри зытеухуар цІыхур Алыхьталэм бгъэдэзэщи цІыхупсэм и щхьэзыфІэфІагъырщ. УсакІуэр топсэльэ ыхь ары и къэгъэпщІэкІэ Іэмалхэм. Псэм и хьилагъэм зэрыхимыщІыкІым къыхэкІыу, фЫ куэд зыІэщІигъэкІащи, и Іэпэм йодзэкъэж. «ЖысІэр куэду, сщІэр мащІэу сызэрыщытам сыхущІогъуэж. Дунейм сехьжьи ипэ, фарзхэм къинэмыщІа, псапэ нэмэзи схуэщІакъым, псапэ нэщІи къэзнэщІыфакъым», - зыхужеІэж усакІуэм. Ялэми зэрыжытІауэ, ди хъуэпсапІэу кьоно хьэрыпыбзэ нэгъэсауэ зыщІэхэм «Теубгъуэным и зэчырыр» адыгэ усэбзэкІэ тхуэзрадзэкІыну.

Фэ Іиннэ Іэммарэти биссууІи мэттэгъэззт
Мин джэхьлихьа бинэзиириш шэйби уэлхьэрэми.
Уэ ла Іэгъэддэт минэл фигьлил джэмиили къира
Дэйфин Іэлэммэ бирэІсии гъэйрэ мухьтэшими.
Лэу кунту Іэгьлэму Іэннии ма Іууэкъъкъирухьуу
Кэтэмту сиррэн бэда лии минхьу бил кэтэми.
Мэн лии бирэдди джимахьим ми гъэуатихьа
Кэма йурэдду джимахьул хъэйли бил луджуми.
Фэла тэрум бил мэгьащи кэсрэ шэхьэтихьа
ИннэтІ тІэхьамэ йуКъэууии шэхьэутэн нэхьими.
Уэн нэфсу кэтІтІифли ин тухьмилхьу шэббэ гьэла
Хьуббир рэдагьи уэ ин тэфтІимхьу йэнфэтІими.
Фэщирф хьэуахьа уэ хьазир Іэн тууэллийхьуу
Иннэл хьэуа ма тэуэла йущми Іэу йэщими.
Уэ рагьихьа уэ хьия фил Іэгьмали саІимэхь
Уэ Іин хьия стэхьлэтил мэргьа фэла тусими.
Кэм хьэссэнэт лэззэтэн лилмэрІи къатилэтэн
Мин хьэйщу лэм йэдри Іэннэс суммэ фид дэсэми.
Уэхъшэд дэсаІисэ мин джуугьин уэ мин шибгьэин
Фэруббэ мэхъмэщэтин шэррум минэт тухъэми.
Уэстэфригъид дэмгъэ мин гьэйнин къдимтэлэІэт
Минэл мэхьарими уэлэзм хьимйэтэн нэдэми.
Уэ хьалифин нэфсэ уэш шэйтІанэ уэгьщихьима
Уэ ин хьума мэхьхьэдакэн нущхьэ фэттэхьими.
Уэ ла тутІигь минхьума хъэщмэн уэ ла хьэкэмэн
ФэІэнтэ тэгьрифу кэйдэл хъэщми уэл хьэкэми.
Уэстэгьфиру Ллахьэ мин къэулин била гьэмэлин
Лэкъэд нэсэбту бихьии нэслэн лизии гьуКъууми.
Іэмэртукэл хъэйрэ лакин мэІтэмэрту бихьии
Уэ мэстэкъэмту фэма къэулии лэкэ стэкъими.
Уэ ла тэзэууэдту къэблэл мэути нафилэтэн
Уэ лэм Іущэлли сиуа фэрдиу уэ лэм Іэщуми.

Гуэныхьхэр, тхьэмпэхэм хуэдэу, толъэлъ

Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Іэбу Зэр къиІуэтэжахэм ящыщ:

Бжьыхьэу, пщІащэхэм я пылъэлъыгъуэу, ЛІыкІуэ лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхамрэ сэрэ щІыбым дыщІэкІати, сыІэбэри, жыг гуэрым кьудамэ щыкІуитІ кьыпысщыкІащ, абы тет тхьэмпэхэри пыщэщащ. «Уа Іэбу Зэр! - кьызжиІащ ар зыльэгъуа ЛІыкІуэ лъапІэм. - Мусльымэным Алыхьым и хьэтыркІэ нэмэз ищІыху, и гуэныхьхэр мис мы кьудамэм тхьэмпэхэр зэрытелъэлъам хуэдэу, толъэлъ».

Муслъымэн махуэгъэпс

Рэджэбым и 1 - щІышылэм и 23
РэгъаІиб жэщыр - щІышылэм и 26 - 27
Михьрадж жэщыр - мазаем и 17 - 18
Шэхьбаным и 1 - мазаем и 21
БэраІэт жэщыр - гъатхэпэм и 6 - 7
Рэмэданым и 1 - гъатхэпэм и 23
Къэдэр жэщыр - мэлыжьыхьым и 17 - 18
НэщІикІыж хьид - мэлыжьыхьым и 21
Къурмэн - мэкъуэуэгъуэм и 27
ІэщрыІ - бадзэуэгъуэм и 28
Мулид мазэм и 1 - фокІадэм и 16

Щэкlуэгъуэм и 20-м щегъэжьауэ дыгъэгъаззм и 18 пщlондэ Катарым щекlуэкlа Дунейпсо топджэгу зэхьэзэхуэм цlыхубэм Іэмал щагъэтащ муслъымэнхэр нэхъ гъунэгъуу щызэрагъэцlыхуну. Щапхъэхэм я нэхъ гухэхъуэт, щытекlуи щыхагъани, удзыпцlэм сэждэ щызыщІ Мароккэм щыщ тоджжэгухэр.

МАРОККЭМ и гупым щыджэгуа щІалэхэм я нэхъыбэр Европэм и къэрал зызыужьахэу Испанием, Франджым, кьинэмыщІхэм къыщыхъуащ, я топджэгу Іэзагъри къыздахэр аращ. Ауз щынальэ зепеуэ щыхъум, дэтхэнэ зыми и Хэкум и щІыпкІэ зэхьэзэхуэм хыхьэныр нэхъ кьищтащ. ЩІалэхэм я диныр зэрагъэпэжьми и щыхьэщ я анэхэр ягъафІэу, езыхэр текІуэми, хэнэми, Алыхьталэм хуащІ фІыщІэр къагъэнэІуэну мыуКІытэу утыкум эритар. НэгъуэщІуи щхьэ щытын хуей? Зэхьэзэхуэр щекІуэкІыр мусльымэн къэралт. ПсэльэкІэ зыимыщІэр Іэшті ымкІэ мауэ жиІакъэ адыгэм? Мамырыгъэр щытекІуэкІэ, хэна зэрыщымыІэрщ спортым и мыхьэнэр.

Испанием щыдэджэгум щыгъуэ, Мароккэм щыщ топджэгуэр иужьрей топ дэгъэкІыгъуэм итэ кьыхуэу, зэхуэвэхэри, зэрыгупу «Фатихьэ» сурэм кьеджауэ жаІэж. Зэрыстадиону зэпэджэжу, «Ла илахьэ Іиллаллахь, Мухьэмэд расулу Ллахь» псалъэхэр ары къэуКъубеям хуэдэу щыІэуэльауэрт Мароккэмрэ Франджымрэ щызэдэджэгу стадионым. Бегъымбар лъапІэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар сурэт мыхъумыщІэкІэ ягъэпудыну щыхэта Франджым и президентри щыст абдежым, и топджэгухэм ядэщІу. ЦІыхур хуиту согъэпсалъэ жиІэу, исльам диным и пщІэр зыгъэкІуэдхэр иутІыпща щхьэкІэ, Макрон хуэфэщэпсу хиубыдащ «я ІупэхэмкІэ Алыхьым и нэхур ягъэнкІыфыну хэтщ» зыхужиІахэм.

Ильэс 50-кІэ Франджым и ІэмыщІэм илъа Мароккэр иджы къэрал щхьэхуитщ. А къэралитІыр хьэрхуэрэгъу зэрызэхуэхъуар езыр политикэ и лъэныкъуэкІэ текІуэныгъэшхуэщ. Шэрыуэу абы тепсэлъыхьащ Мароккэм къыдэщІа политолог Марков Сергей: «Франджым щыщ хьэрпхэм Мароккэм щыщ хьэрпхэм ятекІуащ». Аркъуейщ!

Алыхьталэм фІыщІэ хуащІу, зи щхьэр удзыпцІэм щызыгъэзІыпІэ мароккэ топджэгухэм *(сурэтым)* куэд къагъэуІэбжьат. Исльамыр зымыщІыхьхэм щІалэхэм къадэщІахэм фІыщІэ хуащІу къащыхъуащ.

Иджыблагъэ аргуэру хъыбар хъуэпсэгъуэ къагъэІуащ Мароккэм и топджэгухэм. Катар щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэм мы гупым епЛанэ уВупІэ къыщахьащ. ЩІалэхэр зэгурыІуащ абы къыпэкІуэ къаІэрыхьа доллар мелуан 25-р я къэралым щыпсэу тхьэмыщкІэхэм иратыну.

«Си пщыІпм Сыэзэрыхущытыр езыр къыздэсыгъупсыс щыкІэм елъэтащ, игу СыкъигъэкІыжьхуэри Сригъуэсэщ, - щыжеІэ Алыхьталэм хьэдис къудсийхэм я зым. - Щэхуу игукІэ къызэгупсысмэ, Сэри щэхуу Сегупсысынущ. Гуп хэту игу Сыкъэкімэ, Сэри нэхъыфІыжхэм я пащхьэ Сигу кьыщызгъэкІыжьынущ».

ЩІышылэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.20	14.31	16.42	18.22
2, блыщхьэ	06.08	07.38	12.20	14.32	16.44	18.24
3, гъубж	06.08	07.38	12.20	14.32	16.45	18.25
4, бэрэжьей	06.08	07.38	12.21	14.33	16.46	18.26
5, махуэку	06.08	07.38	12.21	14.34	16.47	18.27
6, мэрем	06.08	07.38	12.22	14.35	16.48	18.28
7, щэбэт	06.08	07.38	12.22	14.36	16.49	18.29
8, тхьэмахуэ	06.08	07.38	12.23	14.37	16.50	18.30
9, блыщхьэ	06.07	07.37	12.23	14.38	16.51	18.31
10, гъубж	06.07	07.37	12.24	14.39	16.52	18.32
11, бэрэжьей	06.07	07.37	12.24	14.40	16.53	18.33
12, махуэку	06.06	07.36	12.24	14.41	16.54	18.34
13, мэрем	06.06	07.36	12.25	14.42	16.56	18.36
14, щэбэт	06.06	07.36	12.25	14.43	16.57	18.37
15, тхьэмахуэ	06.05	07.35	12.25	14.44	16.58	18.38
16, блыщхьэ	06.05	07.35	12.26	14.45	16.59	18.39
17, гъубж	06.04	07.34	12.26	14.46	17.00	18.40
18, бэрэжьей	06.03	07.33	12.26	14.47	17.02	18.42
19, махуэку	06.03	07.33	12.26	14.48	17.02	18.42
20, мэрем	06.02	07.32	12.27	14.49	17.04	18.44
21, щэбэт	06.01	07.31	12.27	14.50	17.06	18.46
22, тхьэмахуэ	06.01	07.31	12.28	14.52	17.07	18.47
23, блыщхьэ	06.00	07.30	12.28	14.53	17.08	18.48
24, гъубж	05.59	07.29	12.28	14.54	17.09	18.49
25, бэрэжьей	05.58	07.28	12.28	14.55	17.11	18.51
26, махуэку	05.57	07.27	12.29	14.56	17.12	18.52
27, мэрем	05.57	07.27	12.29	14.57	17.13	18.53
28, щэбэт	05.56	07.26	12.29	14.58	17.15	18.55
29, тхьэмахуэ	05.55	07.25	12.29	14.59	17.16	18.56
30, блыщхьэ	05.54	07.24	12.29	15.01	17.17	18.57
31, гъубж	05.53	07.23	12.29	15.02	17.19	18.59

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я ІуэхущІапІэм къыдитащ.

СЭВКІУИЙ Хьэмид:

Сэ дунейм сызэрепсэлъэфыр си Іэщ Іагъэмк Іэщ...

Къэукіыпіэм щыпсэу лъэпкъэм я гъуазджэмкІэ къэрал музейм и къудамэу Мейкъуапэ дэтым иджыблагъэ къыщыдэІуахэщ Художествэхэмк Іэ Урысей академием хэт, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ сурэтыщІ Сэвкіуий Хьэмид и Іэдакъэщ Іэкіхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ГРАФИКЭМ, живописым, скульптурэм зэхуэдэу щыІэщэ адыгэлІ щэджащэм и Іэдакъэщ Іэкіхэм философиеи и дуней куум ухашэри, гупсысэ арху эуанэм урахъэ. Хьэмид и Іэмкьыгъэхэм дэтхэнэми езым пэгъунэгъу къыщигъуэтыфынущ. Уеблэмэ зы художественнэ тхыгъэ псо зытумытыхьыфын яхэткъым абыхэм. Ауэ щыхъуКІи, кІыгъэщ образхэр литературэ тхыгъэ гуэрхэм я иллюстрацэ хъэзыру зэрыщытыри нэм къыщІоуэ. А лэжьыгъэхэр щІупльыкІа, зыхэпщІа иужькІэ къыбгуроІуэ ахэр зы гупсысэм и Іьагъуэм зэрытетыр, зы Іэм зэрищІар, зы гукъеуэм е гурыфІыгъуэм къыззэрытехьукІар.

«Заом и тарихъ» («Зауэм и тхыдэ») фІэщыгъэм щІэт гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахым къэпсэльащ АР-м щэнхабзэмкІэ и министр **АулъэІюрэ**. Абы жиІащ Сэвкіуийм и Іэдакъэщ Іэкіхэм зэрэтхъэкъуар, къытригъэзэжырэ дэтхэнэми набдзэгубдзапльэу зэрепльар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу я гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну, Сэвкіуийм екъуэхъуну Мейкъуапэ кІуа гуп дахэм я пашэ, сурэтыщІ цІэрыІуэ **Црым Руслан** къыкІэлъыкІуэу псалъэ иратащ.

- Сэвкіуийм и лэжьыгъэхэр, уэрэдыфІым хуэдэу, гум хъонэ. Адыгэхэм я тхыдэр пшынальэмрэ гъыбзэмрэ къыщожьэр, иджырей гъуазджэм щыслъэгъуэхэм ящыщу мы сурэтхэм хуэдэу тхыдэм пэджэж срихьэлІакъым.

Урысейм и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Ковальчук Андрей** кьІэгъэдэкІ хъуэхъу телеграммэм къыщеджащ гъэлъэгъуэныгъэм.

Сэвкіуийм и лэжьыгъэхэр хуэгъэпсат цІыхур кьІэзэригъэщІрэ екІуэкІа зауэхэм я Іэужьым. Графикэ, скульптурэ жыпхъэм иту лэжьыгъэ 120-рэ утыку кІрихьащ сурэтыщІ цІэрыІуэм. Ахэр «Вита Нова» тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІа «Ветхий Завет», «Новый Завет» тхылъхэм яхуищІауэ аращ. Псори зэхэту а тхылъхэр том 30 мэхъури, абыхэм сурэтыщІ 30 елэжьащ.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гъащІэмрэ лІэныгъэмрэ, Іейм рэ фІымрэ, лъагъунэгъэмрэ лъагъуныхъуныгъэмрэ сурэтыщІым кьІэзэрыгурІыуэм уеплъыну гуэхъуэщ. Апхуэдэу гъэщІэгъуэну абы дегъэлъагъу мыдзыхэным, цІыхуэгъэм, лІыгъэм я нэщэнэу езым кьІэпхьытэкІэ.

Гупсысэрэ щІагъыбзэ куукІэ гъэнщІа сурэтхэмкІэ Сэвкіуийм пасэ зэманым щыІа къэхъуГъэхэр и Іьэпкъым и Іьащ Іэм Іэзэу пещІэ. Абы гупсысэ хьэлъэхэр, ауэ щыхъуКІи уахътыншэхэр, кьеІэт. Сэвкіуийм зигу мыкІуэда цІыхум, гуГъэрэ лІыгъэкІэ псыхьам, и гугъущ ищІыр. Лэжьыгъэ зыбжанэм щыболъагъу хэкум ирахуа адыгэхэм я натІэ хъуам и теплъэгъуэ Іупщі.

Урысейм и Сурэтыщ Іхэм я зэгухьэныгъэм Адыгейм щиІэ къудамэм и унафэщІ **Абакумовэ Еленэ** къыщыпсэльащ мы зэІущІэм.

- Лэжьыгъэ къэс фІещ зэрыкІэщІэмытыр яГъэщІагъуэу щІэупщІэ щыІэщ. Сэ сызэрепльымкІэ, мы сурэтхэр псалъэ хуейкъым. Мыбы наІуэу щыбольагъу льэпкъым и натІэ хъуар, хуищІа образыр. Абы къыхих тепльэхэр умыгъэщІэгъэун пльэкІыркъым. Скульптурэ лэжьыгъэхэр псом хуэмыдэу тельыджащ. Ахэр Іеймрэ фІымрэ зэрызэпэщІэтым я нэщэнэщ, гъащІэм и хабзэхэр щынэрылъагъущ, Сэвкіуийм и Іэдакъэщ Іэкіхэр и Іьэпкъым хуиуса уэрэдщ,- къыхигъэщащ Абакумовэм.

Сэвкіуийм зэрыжиІэмкІэ, абы зэриГъэпщащ маккавейхэм я тхыдэмрэ ди зэманым нэхъ пэгъунэгъу тхыдэмрэ. Иудей льэпкъым ишэча бэлыхьэм сурэтыщІым игу къагъэкІыжащ адыгэхэм я тхыдэр. А щхьэусыгъуэм къыхэкІу тхылъ льапІэм и лІыхъжьхэр абы адыгэ фащэкІэ ихуэпащ.

- Сытегущыхэри, апхуэдэ льэбакъэу счащ. Сыт хуэдэ тхылъ льапІэри зытеухуар блэкІам и закъэкъым, атІэ нобэрей махуэми топсэльыхь, абы къыщыхьа хъыбархэр уахътыншэщ, - жеІэ Хьэмид.

Сурэтхэм къатещхэм я зыщІыкІэм, зыІыгъыкІэм Іупщіу адыгэ хьэл хыболъагъуКІ. Сэвкіуийм и сурэтхэм къыхэплъ сабийхэри нэщІхъейщ, гупсысэрилэщ, пасэу балигъ хуащ. «Іей мыхъу фІы хъужырыкъым» жыхуиІэм хуэдэу, фІым ущцызыгъэгуГъ къыжьэхэри щымащІэтэкъым гъэлъэгъуэныгъэм.

И Іэдакъэщ Іэкіхэм ятеухуауэ Сэвкіуийм къыджи Іауэ щытам щыщ нэхъ гъэщІэгъэну къытущыхъэр къыхэтхащи, ди гуапэу фигу къыдогъэкІыж.

- Щытхъу псалъэм къызэрымыкІуэу сегъэжьІытэ, схуэмыфащэ гуэру кІысщохъури. Зи Іэщ Іагъэм хэзыщІыкІ сурэтыщІу зыкъызэольытэж, ауэ си Іэрыкіхэм хуэдэ щымыІэу къэслъытэркъым икІи къэслъытакъым. Гъуазджэм а и къудамэм махуэ къэс зеужь, ифІакІуэ, и лъагапІэм зэи улъэмыІэсыфыну. АраКъэ насыпри! Уэыхуэарэзыкъ утІысижкІэ Іуэхур зэфІэкІырхъым, а гъуазджэм уздэжрэзын, зыдэбужьын хуейщ.

- **Творчествэм уи гъащІэм сыт хуэдэ уеІІпІэ щиубыдыр?**

- Творчествэм и цІыхум дежкІэ абы уеІІпІэ щхьэхуэкъым и гъащІэм щиубыдыр, атІэ и гъащІэр зэрыщыту творчествэм ей мэхъу арамыхъу. Сыт хуэдэ Іуэху сщІэми, цІыхуэхэм сахэтми, уэрамым сыдэтми, лэжьапІэм сыщыІэми, сэ зэи лэжьыгъэм ехьэлІа гупсысэкэр сІэщІэхуэркъым. СызэрепльымкІэ, нэгъуэщІуи хъунукъым, творчествэм зэ кьыхэча ухуэамэ, хьихьэжьгъуейщ, зэбгъэтІыльэкІам льэІэсыжьигъэафІэкъым. Творчествэр гупсысэ, образ нэрыпэу зэрыхъа дунейщ, абы щІэдзапІи кІэуэхи иІэжьым.

- Нарт эпосым и сурэтхэр телъыджэу хуэпщІауэ 2017 гъэм дунейм тхылъ кьытехьащ. А Іуэхум уэрэрегушхуам и гугъу уэзгъэщІынут.

- Санкт-Петербург щыІэ «Вита Нова» тхылъ тедзапІэм бгырысхэм я ІуэрыІуатэ тхыдэжьым и тхылъ къыдагъэкІынум и сурэтхэр сщІыну къызэпльІуати, арэзы сыхъуащ, ауэ ар адыгэ лІыхъужь ІуэрыІуатэу зэрыщытыр Іэмал имыІэу къагъэлъагъэуну яхуэзгъэуващ. АбыкІэ дыззэгурыІуэри, нарт эпосым и сурэтхэр сщІыри, тхылъ телъыджэу дунейм кьытехьащ.

- Бгырысхэм я ІуэрыІуатэр къудкІэ зэподжжж. Уэ уэзрепльымкІэ, адыгэ нарт эпосыр сыткІэ къащхьэщыкІрэ адрейхэм ейм?

- Нарт эпосыр дунейм тет эпос нэхъ инхэм яхохьэ. Ар зейм екъэпІауэ зэдауэ къэщІыщІэ, псоми езыхэм ейуэ къыщІагъэкІыну хуейуэ. Дэ абы ди псалъэ хэтлъхьэркъым, Іуэхукіэ, лэжьыгъэкІэ дыхуэвэ армыхъумэ. Сэ адыгэхэм я эпосым теухуауэ схужьІэнуращи, ар ящыщу рифиз зыхэлъ зырызхэм. Абы кьыбжеІэ а ІуэрыІуатэм гъащІэшхуэ зэрилэр, гъуэгуанэ ин къызэрикІуар. Аращ адыгэ нарт эпосыр тегъэщІапІэ щІэсщІыр.

- Сыт хуэдэ уи Іэдакъэщ Іэкіра уи творчествэм и льагапІэм и къэпльытэр? Хьэмэ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр щыуагъэ?

- Гугъущ абы жэуап ептыну. Дэтхэнэ си лэжьыгъэри гъащІэм къыпхысха гупсысэщ, зэманым кьызита щытхъэщ. Къапщтэмэ, ахэр псори зы дунейщ, зы кьежьапІэщ.

- Гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым уи сурэтхэм къатещ нэщхьеягъэм. Ауэ щыхъукІи, сурэтым и гупсысэм уиэзышэри абы и щІагъэкІэр къыпхуэзІуахыри аращ. Уэыпэшиэу сурэтхэм яхэлъ мэгъу кІаур арауэ къысщохьу.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ дыщыпсэу зэманыр икъуэкІэ хьэлъэщ, гущІэгъунэщ. Махуэ къэс ди нэгу щІэкІ зауэхэмрэ зэрыкІыжьрэ лІэныгъэм, хэщІыныгъэм драгъэсэжащ. Цыхуэхэм кьрадзэжьыркъым укІыгъэр, лейр. Ахэр цІыхугъэм, зэхэщІыкІым, гущІэгъуэм, гулъытэм, гумащІагъэм къызэрымыкІуэу щыхуэныкъуэ лъэхъэнэм дитщ. А гущІэгъуэ кьризгъэпсэгъуэну, кьарууэ щыІэм я нэхъ иныр кІыщежьэр абдежу зэрыщытыр сотх. Аращ сурэтхэм къатещ нэщхьеягъэм и кІьежьапІэр.

- Лэжьыгъэм сыт утезыгъэгушхуэр?

- Езы лэжьыгъэм хуэдэу сегъэзыгъэгушхуэ щыІэкъым къыщІэкІынкъым. Лэжьэн зэрыщІэздзэу сызэщІешэ, абдеж гупсысэр кьоуокъуейри, зи ужь сихьар кьыщІэзэхъуІэм деж, дыкІэм сызэрытетым мыхьэнэ гуэр иІэу кьысщегъэхъуж.

- Адыгэ льэпкъым и блэкІар, тхыдэм кьыщетещ напэкІуэцІ гуауэхэр, ди адэжьхэм я псэм телъа бэлыхьыр, цІыху щхьэхуэхэм я щыІэкІэр зы сурэтым кьыщогъэлъэгъуэф...

- А зи гугъу пщІы щхьэусыгъэм кьыхэкІыу, си сурэтхэр я Іьабжьэу кино трагащ. Сэ дунейм сызэрепсэлъэфыр си Іэщ Іагъэращи, абыкІэ схуэзфІэкІыр жызоІэ, ауэ «къемыджэфхэр» хэзгъэзэныкьркъым, «гур мыпльэмэ, нэр плъэркъым».

2023 гъэм щыщыІэм и 31 хъуху Мейкъуапэ щагъэльэгъуэнущ Сэвкіуийм и Іэдакъэщ Іэкіхэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Илъэсыщ Іэпежьэ пшыхь

Шэрджэсым, Ингушым, Осетие Ипщэм я цІыхубэ артисткэ Сокъур Ольгэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ щыхьэ зиІэ я артисткэ Даур Иринэ, Щоджэнцікыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистэу Хьэхъупащ Іэ ФатІимэ, КІэхумахуэ ФатІимэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артист Башиев Магомед, «Impuls crew» къэфакІуэ ансамблым, «Джем» дуэтым, «305» уэрэджьІакІуэ гупым, «Амикс» гупым я унафэщІ Къуэ Амир, уэрэджьІакІуэхэу Къуэ Ланэ, Шал Хьусен. Усэхэм кьеджащ зэхьокьэ зэхуэмыдэхэр езыгъэкІуэкІ Жылэ Илонэ, театрымрэ киномрэ я актёр Хьэмырзэ Ахьмэд, Къэрал макъамэ театрым и актрисэ Дэгу Каринэ, актрисэхэу Пащтыкъ Анфисэ, Жанатаевэ Марьям, психолог Елъкъэн Залинэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль-гъэгу колледжым и унафэщІым и кІуэдзэ Мыкъуэжь Арсен сымэ.

Хьэщ Іэхэм папщІэ Илъэсыщ Іэ тэрт гъэщ Іэрэщ Іар щащ Іащ Бейтыгъуэн Ларэ и Іэфі кІэ цехым.

Илъэс куэд хьуауэ Бэхъунэ Жаннэ и проектыр кьыдзэ ІыІугъэм, «Усыгъэм - сыхьэтитІ» Іуэхум куэдрэ хэтхэм фІыщІэ тхылъхэр иратащ «Zhan Bakhun» продюсер центрым кьыбгъэдэкІыу.

Жаннэ хьэщ Іэхэм захуигъэзащ псалъэ гуапэкІэ, езым и усэ зыбжани кьеджащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Багъэтыр Нинэ и тхылъыщ Іэ

● Щэнхабзэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Багъэтыр Нинэ «Си усэ - си уэрэд» зыфІищащ и усэ тхылъыр.

АДЭЖЬ хэкум хуиІэ лъагъуныгъэр, псэ къабзагъэр, цІыхугъэр, гумащІагъэр я лІабжьэщ усакІуэм и Іэдакъэщ Іэкіхэм.

Багъэтыр Нинэ Тэрч щІынальэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ (Астэмрей) кьуажэ къыщалъхуащ. Абы дэт курыт еджапІэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетыр кьиухащ. 1983 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щолажьэ. А Іэнаті эм абы зыкьыщІэгъэльэгъуащ зи Іэщ Іагъэм хуэІэижь журналистэ, Багъэтыр Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Урысейм и Артиадэм и лауреатщ.

Цікьухэм ягу дихьэу йодаІуэ абы игъэхьэзыр «Макъамэ», «Ди зэІущ Іапі эм» радиожурналхэм. Ахэр я т е у х у а щ республикэм и щэнхабзэм, литературэм, гуазджэм я цІыху пашэхэм. Радиом и гъэтІылъыгъэм хэлъщ абы и нэтыну 100-м щІигъу.

ЗэрыжурналистыфІым кьыдэкІуэу, Нинэ икІи усакІуэ Іэзэщ, уэрэдущ. Абы и усэхэр зыщІэрэдзэр щІэзэхуэхьэсауэ «дыщэ диск» зыбжанэ дунейм кьытехьащ. Нинэ и Іэдакъэщ Іэкіхэр щІэх-щІэхыуэр кьытохуэ ди республикэм кьыщыдэкІ журналхэмрэ газетхэмрэ.

УэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ Зеущ Іэуес и гъусэу Багъэтырым «Гъуэгу махуэ» зыфІища альбомыр 2007 гъэм дунейм кьытригъэхьауэ щытащ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум хуэгъэпса а альбомым уэрэд 16 ихуат. Урыс пащтыкъ Гуаило Идар Марие (Гуащэнэ) хуиуса уэрэдхэр итщ абы. КъищынэмыщІауэ, Тэрч къалэр къищынэзэрагъэпэщрэ илъэси 130-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ «ЕфІакІуэ, Джылахьстэней!» уэрэдыр, куэдым фІыуэ ялъэгъуаехэу «Къэкіуэж, адыгэ!», «Къэбэрдей», «Астэмрей», «Си Ботэщей», «Уей, си шагъдий», нэгъуэщІхэри ихуащ абы.

2021 гъэм Нинэ «ГъащІэм и уэрэд» зыфІища уэрэдыІъэр дунейм кьытехьащ. ГурыщІэ дахэм теухуауэ абы щІэзэхуэхьэсащ «Сыдэнхьэхащ», «ГъащІэм и уэрэд», «Джэгум», «Уэ уогушыІэ», «Дэнэ ущыхэт?», «Маззу узольагъу», «ЛъагъуныгъэмкІэгъэзэж», нэгъуэщІхэри.

Кьыхэгъэщ ыпхъэщ хамэ къэрал щІэпсэу адыгэхэми Багъэтырым и уэрэдхэр фІыуэ зэралъагъур, абыхэм кьаззэрыпэджэжьыр. 2013 гъэм ар Истамбул ирагъэблагъэри хагъэтат Назым Хьикмэт и цІэр зэрихьэу Анкарэ дэт концерт Іэ пльэкъуэпІэм Нинэ и Іэдакъэ къыщІэкІа «Адыгэ хэку» уэрэдыр Бэрэгъэн Марианнэ щигъэзэщІа пшыхьым. КъищынэмыщІауэ, 2014 гъэм Сочэ щІэкІуэкІа Олимп джэгухэм Багъэтырым и «Джэгум» уэрэдыр Бэрэгъэн Марианнэ щигъэзэщІауэ щытащ.

Иджыпэ кьыдэкІыгъуэм Багъэтырым адыгэбзэкІи урысыбзэкІи и Іэдакъэ къыщІэкІахэм ящыщхэр щызэхуэхьэсащ.

Ди гуапэ дыдэу дохьэхъу Нинэ, и зэфІэкІ дахэхэмкІэ адэкІи льэпкъыр диГъэгуфІэну ди гуапэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Дыгъэгъазэм и 27-р Урысейм и къегъэлакІуэм и махуэщ

Я щхьэр халъхьами, къымыкІуэтынухэр

Илъэс къэс дыгъэгъазэм и 27-м ягъэлъапІэ Къегъэлакіуэм и махуэр. РСФСР-м и Министрхэм я Советым 1990 гъэм а махуэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, ди къэралым къыщызэрагъэпэщащэу щытащ Къегъэлакіуэхэм я урысей корпус зыфІаща къулыкъур. Иужьым, 1995 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м, УФ-м и и Іэнэ Президент Ельцин Борис и унафэкІэ, а Іуэхущ Іапі эм зэреджэр зэрахъуэкІащ, «Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэм япэщІэтыным-кІэ къэрал комитет» цІэр иІэу.

УРЫСЕЙ МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм къэхъуэкъащІэ шынагъуэ къэмыгъэзыхуным, къэхъу хъужьыкъуэмэ, и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыным, цІыхуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным къаруушхуэ ирехьэлІэ. Абы и лэжьакІуэхэр сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу хьуну хьэзырщ.

Зи гугъу тщІы кулыкъым щолажьэ зи Іэщ Іагъэм хуэІэижь мафІэсгъэнкІыфІхэр, бгырыкІуэхэр, псым и щІагъыщІэзыпщытыкІхэр, жьыхулъатэ-кхъуэхьлъатэзекуэхэр, хьэ гъэсахэр зи гъусэхэр, нэгъуэщІхэри. Ахэр мафІэсхэм, псыдзэхэм, гуэгум кьыщцыху транспорт зэжьэхэуэхэм, нэгъуэщІ гуэзвэгъуэхэми фэбжь кьыхэзыхьхэм щадэІэпыкъуКІэ, езыхэм я узынщагъэр, уеблэмэ я щхьэр халъхьэнкІэ зэрыхъунур кьагурыІуэ лажьэ Іэщ Іагъэлі нэсхэщ.

Къыхэдгъэщ ынщи, Урысейм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эр къызэрызэрагъэпэщрэ нобэ, дыгъэгъазэм и 27-м, илъэс 32-рэ ирокъу. Лъэ быдзкІэ уеа Іэнатіэр ефІакІуэ зэпытщ.

Урысей Федерацэм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм я нэІэ тетщ щыІэпсым епха щынагъуэ къэмыгъэзыхуным, апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьным, цІыхуэхэм япэу щІэгъэкъуэн, дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуным.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ министерствэм (МЧС-м) щылажьэхэм мы махуэм псалъэ дахэ хужаІэ, щІыхь тхылъэхэмрэ дипломхэмрэ ират, «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэ льапІэр хуагъэфащэ, хъуэхъу телеграммэхэм кьахуоджэ.

Илъэсыщ Іэ махуэшхуэм, зыгъэпсахуэгъуэхэм нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ я къалэным пэрытщ нобэ зи махуэр зыгъэльапІэ къегъэлакІуэхэр. Ди гуапэщ къэхъукъащІэнщэу, мамыру я къалэныр ирахьэкІыну. Дэтхэнэри Илъэсыщ Іэм фІыкІэ поплъэри, я гум щагъафІэ я хъуэпсапІэхэр къарехъулІэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

Бжьыгъэхэр щыхьэт тохъуэ

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгуГъуэхэр республикэм и жьылагъуэхэм щызэхэтащ. Футболым дихьэххэм дежкІэ гухэхъуэщ мы зэхьэзэхэр зыигъэм нэхърэ къэлыкІуэм нэхъ гъэщІэгъуэну, купщІафІэу, екІуэр ещхьу къызэгъэпэща зэрыхъуэр.

НЭХЪЫЩХЬЭРАЩИ, зэфІэкІ зиІэ командэхэм щыджэгу щІалэгъуалэм я бжьыгъэмрэ лъэрызехьагъэмрэ зэрызехъуэм гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Дауи, ар узыщыгуфІыкІ зыхъ Іуэхугъуэфщ. Ди щІыпІэ футболым и пащІэр хагъахъуэу джэгуауэ нобэ тренеру лажьэхэми, мы спорт лІэужьыгъуэм фІыуэ хэзыщІыкІ нэгъуэщІхэми, дэщІакІуэхэми я гуапэу ар кьыхагъащІ. ИтІанэ, джэгуГъуэхэр кІуэ пэтми нэхъ Іэщ Іагъуэну, купщІафІэу зэрекІуэкІ хъуам щымахуэ щІыІэм дэщІакІуэхэм я бжьыгъэ зэрыхиГъахьуэр щыхьэт тохъуэ.

Апхуэдэт иужьу екІуэкІа зи чэзу зэІущІэхэри. ЗэкІэ текІуэныгъэ фІэкІа хэщІыныгъэ ямыІэу бжьыпэ яІыгъыщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и командэм 3:2-уэ Налшык щытекІуа Бахьсэн и «Автозапчасть»-мрэ Псыгуэнсэр 4:2-уэ хэзыГъэщІа Зэикъуэ и «Шагъдий»-мрэ.

Адрей зэІущІэхэр мыпхуэдэу ихуащ: **«Тэрч» - «Бабугент» - 4:0, «Мурбек-Налшык ФШ » - «Исльэмей» - 3:6, «Спартак-Д» - Шэджэм-2» - 4:1, «Инал» - «ХьэтІохъуащыкъуей» - 4:1, «Искра» - «ГорИс» - 1:2, «МАХ» - «Локомотив» - 4-1.**

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	4	4	0	0	15-4	12
2.	«Шагъдий»	4	4	0	0	15-6	12
3.	«Исльэмей»	4	3	1	0	15-7	10
4.	«Тэрч»	3	2	1	0	11-1	7
5.	«Инал»	4	2	1	1	11-8	7
6.	«ГорИс»	4	2	1	1	8-8	7
7.	«Искра»	4	1	2	1	5-4	5
8.	«Спартак-Д»	4	1	1	2	9-8	4
9.	«МАХ»	3	1	1	1	5-4	4
10.	«ХьэтІохъущыкъуей»	4	1	1	2	7-9	4
11.	«Бабугент»	4	1	1	2	3-10	4
12.	«Шэджэм-2»	4	1	0	3	5-9	3
13.	«Псыгуэнсэ»	4	0	2	2	4-7	2
14.	«КъБКЪУ»	4	0	1	3	4-10	1
15.	«Локомотив»	4	0	1	3	1-13	1
16.	«Мурбек-ФШ»	2	0	0	2	3-8	0

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ Іэпыдж Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ Іи Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщ Іапі эр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэ хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.748
Заказыр №2290

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщІыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джэтокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)* , *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзащ сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.